



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI SEZON 2022 ESTASYON BALNEYÈ
LEGOLAND® NEW YORK LA NAN KONTE ORANGE**

***Premye sezon konplè pak amizman Goshen lan ap ofri nouvo evènman, espektak
ak atraksyon***

***Anons lan konplete efò Eta a pou rekonstui ak revitalize sektè touristik Eta New
York la***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti sezon 2022 Estasyon Balneyè LEGOLAND® New York nan Goshen, Konte Orange. Sa pral premye sezon konplè pak amizman an apre ouvèti ofisyèl li nan jiyè 2021. Ane sa Estasyon Balneyè LEGOLAND New York ap ofri envite li yo yon kalandriye konplè evènman pasyonan, ki enkli premye fe datifis 4 jiyè li. Nouvo lokal amizman - ki enkli Teren Jwèt Akwatik Vil LEGO® - prevwa ouvè sezon ete sa, k ap bay envite yo yon oasis pafè pou yon jounen sezon ete ki cho, ansanm ak yon opòtinite pou konstui epi fè kous ak pwòp bato LEGO yo.

"Nou kontan anpil pou akeyi vwayajè ki soti toupatou nan eta ak mond lan pandan Estasyon Balneyè LEGOLAND New York ap ouvri pou sezon sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Destinasyon inik, ki bon pou fanmi sa te yon obèn pou ekonomi lokal la epi li fè pati entegral nan sektè touris eta a. Avni an briyan pou LEGOLAND New York epi nou pa ka tann pou anpil sezon reyisi k ap vini pandan n ap kontinye ak retou ekonomi nou an de COVID-19 la."

Stephanie Johnson, Direktè Divizyonè Estasyon Balneyè LEGOLAND New York, te deklare, "Gen tèlman anpil antouzyas konsènan depasman familyal ane sa, epi nou pa ka tann pou konstui souvni briktastik ak envite nou yo sezon sa. Nou te wè anpil demann ane pase, menm ak ouvèti pa faz nou an, epi nou prevwa kontinye sou menm lanse sa nan premye sezon konplè nou an pandan n ap akeyi fanmi yo pou eksperimante tout bagay Otèl nou an gen pou ofri."

Antouzyas pou nouvo sezon an nan Estasyon Balneyè LEGOLAND New York la kontinye ap grandi, kote Otèl LEGOLAND 250 chanm nan deja fin vann pou pifò dat nan avril yo. Otèl la ki fèt epi konstui pou timoun, te popilè pou fanmi yo ane pase a, ki fonksyone ak kantite ki pwòch kapasite li ant out ak novanm. Chak chanm ki gen tèm LEGO® yo prezante yon espas separe pou timoun dòmi, ak amizman kotidyen pou

timoun ak kous pou jwenn trezò pou rekonpans LEGO - epi tout sa sitiye a de pa pak ki gen tèm lan.

Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development yo Deziyen an, Hope Knight, te deklare, "Touris enpòtan anpil pou vitalite ekonomik Eta New York, epi pandemi an te pote yon kou di sou sektè a alafwa nan mache nasyonal ak entènasyonal yo. Selebrasyon premye sezon antye LEGOLAND lan nan New York reprezante anpil endis pozitif ke n ap rekonstui epi n ap rekipere de kriz COVID-19 la epi revitalize sektè sa ki sipòte tèlman anpil djòb ak biznis atravè eta a."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Eta New York se destinasyon pafè pou amizman fanmi, epi I LOVE NY kontan anpil pou envite epi akeyi vizitè yo pou vin fè pati de tout sa. Estasyon Balneyè LEGOLAND New York sitiye nan Hudson Valley panoramik lan, te vin tounen yon bijou touris rapid pou tout eta a. Avèk tèlman anpil fanmi ki pa ka tann pou planifye yon eskapad, nou fyè pou fè patenarya ak lokal klas mondyal sa pou lanse yon sezon vakans k ap kite souvni k ap depase atant yo."

Anons jodi a konplete efò eta a pou rekonstui touris ak ospitalite atravè New York. Endistri touris la te pami endistri ke pandemi COVID-19 la te frape pi di, ki te wè gwo pèt nan vizit, depans dirèk ak enpak ekonomik. An novanm, Gouvènè Hochul te anonse pake rekiperyasyon enklizif "Bring Back Tourism, Bring Back Jobs" (Retounen ak Sektè Touris la, se Retounen ak Travay), ki gen pwogram ak inisyativ vize ki fèt pou sipòte rekonstriksyon ekonomik endistri a.

Anplis de sa, LEGOLAND New York rete angaje pou edikasyon, l ap ofri opòtinite edikasyon pandan tout ane a pou timoun ki gen laj pou ale lekòl nan tout rejyon an, ak pwogram edikasyon ki oryante sou Syans, Teknoloji, Jeni, Lèza ak Matematik. Nouvo pak amizman an pote tou yon avantaj kominotè enpòtan nan Vilaj Goshen. LEGOLAND New York angaje tou pou peye Vil la yon Frè Kominotè pou Akèy, ki baze sou frekantasyon an, k ap nan omwen 520,000 dola nan premye ane a epi k ap ogmante chak ane pandan 30 lane, san plafònman sou peman yo. Pak amizman an ap òganize tou, de (2) Jounen Kominotè pou Komin lan chak ane, kote l ap fè don 50 pousan revni vant tikè zèv byenfezans ki baze nan Goshen.

Senatè Eta a, Mike Martucci, te deklare, "Mwen kontan anpil ke LEGOLAND New York ouvri ofisyèlman pou sezon 2022 a, epi mwen pi kontan toujou dèske li ouvè pou yon sezon konplè pou premye fwa. LEGOLAND se yon destinasyon touristik rekoni pa sèlman pou distri mwen an ak eta nou an, men li pote yon banyè kredibilite ak amizman entènasyonal. Ekip la nan LEGOLAND te fè yon travay ekstraòdinè pou prepare pou yon sezon pasyonan, epi mwen pa ka tann pou mennen pwòp fanmi mwen pou yon jounen majik pou sansasyon fò ak amizman."

Manm Asanble Colin J. Schmitt, te deklare, "Premye sezon konplè LEGOLAND lan rive! Sa se yon gwo nouvèl pou fanmi atravè tout rejyon nou an ki enkli pa m nan ki pa

ka tann pou pwofite de yon jounen nan pak la. LEGOLAND te yon patnè ki solid pou Konte Orange nan atire touris ak vitalite ekonomik epi mwen pa ka tann pou anpil ane siksè ekonomik ak amizman familyal k ap vini."

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "LEGOLAND te kreye yon vag nan kominote a, epi nou kontan anpil pou premye sezon konplè li nan Konte Orange. Pak amizman an te yon gwo atrè ekonomik pou rejyon an epi li te kreye yon eksperyans briktastik pou plizyè milye timoun ak fanmi yo. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak LEGOLAND alavni epi m ap obsève sektè touris Konte a k ap fleri."

Sipèvizè Vil Goshen, Joseph Betro, te deklare, "Nou espere travay ansanm avèk Legoland pou kreye yon pak ke tout moun ap pran plezi ladan l. Nou te angaje nan pwojè sa epi nou patisipe nan siksè kontini li alavni. Mwen santi sa ap benefisye rezidan ak biznis nou yo nan Vil Goshen."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)